**दिन–रविवार** **दिनांक–01.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केंद्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन आई लोकसभा मे वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईसक बजट प्रस्तुत कयलनि। ई हुनक रिकॉर्ड नवम् बजट अछि। बजट दू हजार सैंतालीस धरि भारत कँ विकसित बनेबाक आ सबका साथ, सबका विकासक परिकल्पना के अनुरूप अछि। बजट मे आयकर के दर मे कोनो परिवर्तन नहि कयल गेल अछि। संशोधित आयकर रिर्टन कँ समय सीमा बढ़ाकऽ एकतीस मार्च कऽ देल गेल अछि। रेलवे के क्षमता के बढ़ेबाक लेल दिल्ली, मुंबई, पुणे, हैदराबाद, बेंगलूरू, चेन्नई, वाराणसी आ सिलीगुड़ी मे सात हाई स्पीड रेल कॉरिडोर बनेबाक घोषणा कयल गेल अछि। बजट मे कैंसर सँ पीड़ित मरीज सभ कँ राहत देबाक लेल सत्रह दवाई पर बेसिक कस्टम ड्यूटी पर छूट देबाक प्रस्ताव कयल गेल अछि। वित्त मंत्री कपड़ा सेक्टर के लेल एकीकृत कार्यक्रमक प्रस्ताव कयलनि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी केंद्रीय बजट दू हजार छब्बीस–सत्ताईस के ऐतिहासिक जनौलनि अछि। श्री मोदी एक वीडियो संदेश मे कहलनि जे ई बजट एक सय चालीस करोड़ भारतीय लोकनिक आकांक्षा कैं प्रदर्शित करैत अछि । प्रधानमंत्री कहलनि जे ई बजट देशहित मे अछि आ एहि सँ देशक विकास कैं नव ऊर्जा भेटत। श्री मोदी कहलनि जे भारत शीघ्रहिँ विश्वक तेसर सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था बनेबाक दिशा मे अग्रसर अछि आ ई बजट विकसित भारतक सपना कैं मजगूत आधार प्रदान करत।

———————————————————————

भाजपा के राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन केंद्रीय बजटक स्वागत कयलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि बजट सँ वैश्विक अस्थिरता के बादो भारत विश्व मे तेजी सँ विकास कऽ सकत।

———————————————————————

केंद्रीय बजट मे बिहारक लेल सेहो कतेको घोषणा कयल गेल अछि। एहि मे पटना मे जहाज मरम्मति केंद्र, नव एक्सप्रेस–वे आ गंगा जलमार्ग विकास प्रमुख अछि। एकर अलावे, वाराणसी–सिलीगुड़ी हाई स्पीड रेल कॉरिडोर बिहार सँ होयत गुजरत। एहि कॉरिडोर सँ पटना, बक्सर, आरा, कटिहार आ किशनगंज के सोझे लाभ भेटबाक आशा अछि। ओतहि, राज्यक पांच लाख सँ बेसी आबादी बला आठ शहर के विकासक लेल अतिरिक्त फंड के घोषणा बजट मे कयल गेल अछि। एहि सँ पटना, मुजफ्फरपुर, भागलपुर, दरभंगा, बेगूसराय, नालंदा, पूर्णिया आ गयाजी जिला के तेजी सँ विकास भऽ सकत। बजट मे पटना के पूर्वी भारतक ट्रांसपोर्ट और औद्योगिक हब के रूप मे विकसित करबा पर जोर देल गेल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार केंद्रीय बजट कँ सकारात्मक जनबैत कहलनि अछि जे ई बजट विकसित भारत बनेबाक लक्ष्य के पूरा करत। मुख्यमंत्री कहलनि जे जलमार्ग के विस्तार सँ बिहारक सेहो कतेको शहर के लाभ होयत आ व्यावसायिक गतिविधि बढ़त। ओ कहलनि जे बजट मे शहरक विकासक लेल कयल गेल प्रावधान सभ सँ बिहार मे शहरीकरण कँ नव गति भेटत।

---

उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा बजट के ऐतिहासिक जनौलनि अछि। श्री चौधरी कहलनि जे एहि बजट सँ बिहार सहित पूरा देश मे विकास परियोजना केँ गति भेटत। ओतहि, लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलासक अध्यक्ष आ केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि जे ई बजट विकसित भारतक मजगूत आधार तैयार करऽबला बजट अछि। जदयूक वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय मंत्री ललन सिंह कहलनि अछि जे ई बजट किसान, महिला आ गरीब लोकनि के समर्पित अछि। जदयूक सांसद संजय झा केंद्रीय बजट केँ दूरदर्शी जनौलनि अछि। आकाशवाणी सँ गपशप मे श्री झा कहलनि जे एहि मे गरीब, युवा, महिला आ किसान लोकनिक कल्याणक लेल प्रावधान कयल गेल अछि। राष्ट्रीय लोक मोर्चा के अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा बजटक स्वागत करैत कहलनि जे ई विकसित भारत दू हजार सैंतालीसक लक्ष्य के पूरा करत। ओतहि, राज्यक लोकसभ बजट के स्वागत करैत कहलनि अछि जे एहि सँ गरीबी उन्मूलन आ रोजगार के बढ़ेबा मे मददि भेटत। एम्हर, कांग्रेस, राजद, समाजवादी पार्टी आ लेफ्ट सहित आन विपक्षी दल सभ बजटक आलोचना कयलनि अछि। कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे कहलनि जे एहि बजट मे गरीबक लेल किछु नहि अछि।

---

बिहार विधानमंडलक बजट सत्र काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। सत्ताईस फरवरी धरि चलऽबला एहि सत्रक दरमियान कुल उनैस बैसक होयत। सत्रह पहिल दिन आर्थिक सर्वेक्षण प्रस्तुत कयल जायत। ओतहि, तीन फरवरी कँ वित्त मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईसक बजट प्रस्तुत करताह। बजट सत्रक पहिल दिन राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ विधानसभा तथा विधान परिषदक सदस्य लोकनिक कँ संयुक्त रूप सँ संबोधित करताह। एहि संबोधन के आकशावाणी, पटना सँ सजीव प्रसारण कयल जायत।

---

आइ संत रविदासक जयंती अछि। संत रविदासक जन्म माघ पूर्णिमा के दिन बनारस मे भेल छल। ओ चौदहम् सदी के महान संत आ कवयित्री मीराबाई के गुरु छलाह। हुनक जयंती पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उप राष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ के शुभकामना देलनि अछि। एहि अवसर पर सहरसा जिला प्रशासन द्वारा संत गुरू रविदासक जयंती श्रद्धापूर्वक मनाओल गेल आ कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

---

चक्रवातीय हवा के प्रभाव सँ पछिला चौबीस घंटा मे राज्यक कतेको स्थान पर न्यूनतम तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। भागलपुर के सबौर मे आइ सभ सँ कम न्यूनतम तापमान सात दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

---

समाप्त